

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ti waktu ka waktu jaman beuki mekar, loba pisan parobahan boh alamna boh manusana. Luyu jeung hal éta, tangtu aya dampak nu alus jeung sabalikna. Dampak nu alus diantaranya élmu pangaweruh nu beuki lega, téhnologi nu beuki canggih, manusana nu beuki dieu beuki modérn kabawa ku jaman. Salian ti éta, aya ogé dampak négatif contona waé, réa manusa nu teu maliré kana lingkungan di sabudeureunana atawa teu saluyu jeung norma nu aya di masarakat. Kasadaran manusa kana ngajaga jeung ngariksa lingkungan beuki dieu beuki ngurangan. Lain hubungan manusa jeung alam wungkul, tapi hubungan ka papada manusa ogé beuki laér, pon kitu deui hubungan manusa jeung Allah teu pati hadé lantaran kapangaruhan ku éra globalisasi, téhnologi, jsb.

Dina karya sastra, hal samodél kitu geus aya ti baheulana. Para pangarang biasana ngébréhkeun sagala rupa nu aya di lingkungan sabudeureunana kana wangun tinulis, nu disebut karya sastra, ku cara ngajadikeun lingkungan salaku latar, majas, atawa dijadikeun judul jeung téma. Tulisan éta lain ngan saukur ébréhan haté, tapi ogé pikeun pamaca sangkan bisa ngeunteung tina éta tulisan pikeun ngalakonan kahirupan.

Ajén nyaéta hiji hal penting, sabab ajén bisa jadi hiji pangaping masarakat dina prosés interaksi jeung masarakat séjén. Ku kituna, ajén miboga peran pikeun nyiptakeun norma atawa aturan-aturan nu aya di masarakat. Nurutkeun Liliweri, spk (2014 A, kc. 57) aya sababaraha tipe ajén nyaéta ajén pribadi, ajén kulawarga, ajén matérial, ajén sosial, ajén spiritual, jeung ajén moral. Ajén spiritual salasahiji tipe ajén nu aya patalina jeung ajén kaagamaan. Nurutkeun Razak (1971, kc. 33) ajén kaagamaan nyaéta konsép ngeunaan ajén-ajén nu nyangkaruk pikeun manusa nu miboga kapercayaan tur dijadikeun pedoman atawa cecekelan dina ngalakukeun hiji hal. Salasahiji karya sastra nu euyeub ku ajén kaagamaan nyaéta *Guguritan MunggaH Haji* karya Yus Rusyana.

Wujud kabudayaan masarakat anu nyata salasahijina nyaéta karya sastra. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 105) karya sastra minangka pakakas komunikasi, pakakas nuluykeun tradisi jeung révitalisasi budaya, ogé salaku pangwangun ajén kamanusaan. Anapon nurutkeun Koswara (2013, kc 105) sastra mangrupa hiji bagian seni anu miboga ciri mandeg mandiri, ngandung kaartistikan, kaéndahan, kajujuran, jeung ngandung bebeneran anu salawasna nungtun panganutna kana sipat anu lemes, tur bisa nganteurkeun kana udagan kahirupan manusa anu leuwih wijaksana. Kasusastraan Sunda dibagi jadi tilu bagian nya éta prosa, puisi, jeung drama. Karya sastra dina wangun puisi kabagi sababaraha wanda diantaranya aya carita pantun, wawacan, mantra, kakawihan, sisindiran, guguritan jeung sajak.

Dina karya sastra wangun guguritan teu salawasna pangarang nepikeun amanat. Tapi pamaca bisa nyangking amanat dumasar kana puseur panitén jeung pamadegan séwang-séwangan. Kitu ogé, dina *Guguritan MunggaH Haji* sanajan ieu guguritan téh sarua jeung catetan pangalaman lalampahan pribadi, tapi pangarang ku kamahéranana dina nyieun karya sastra, bisa matalikeun pangalaman lalampahan jeung pasualan-pasualan anu aya dina kahirupan. Ku kituna, dina ieu guguritan jero pisan amanat-amanat anu bisa dicangking ku pamaca lamun pamaca taliti neuleuman kana éta guguritan. Pikeun nyangking amanat atawa pesen moral tina karya sastra hususna guguritan, tangtu kudu dianalisis heula. Analisisna nyaéta analisis lahir jeung batin sarta ajén kaagamaan. Ieu analisis téh kudu dicumponan lamun hayang nyangking amanat nu hadé.

Di tatar Sunda, loba masarakat nu kurang wanoh kana hasil karya sastra hususna karya sastra buhun. Nurutkeun Alam (2017, kc. 40) yén kurangna média informasi anu ngawanohkeun karya sastra heubeul ngabalukarkeun masarakat jaman kiwari teu mikawanoh kana karya sastra buhun. Ku cangguhna jaman jeung téhnologi loba masarakat kiwari nu kabawa ku pergaulan luar sahingga poho kana karya sastra Sunda sorangan. Upama diteuleuman tina hasil karya sastra, tangtu dijerona loba pisan mangpaat tur ngandung ajén inajén nu hadé.

Guguritan nyaéta karangan déskriptif nu ditulis dina wangun pupuh. Pupuh nu digunakeun dina guguritan rélatif saeutik beda jeung wawacan. Salian ti éta eusi

guguritan umumna déskriptif sedengkeun dina wawacan eusina naratif (Ruhaliah, 2017, kc. 33). Anapon nurutkeun Sarah (2021, kc.44) guguritan mangrupa wangun karya sastra kalawan pola 17 jenis bait dina wangun rumpaka tembang anu ngandung ajaran agama, pangalaman batin, jeung rasa reueus ka alam.

Guguritan Mungghah Haji nyaéta hasil karya sastra karangan Yus Rusyana anu husus dijieun dina mangsa ngajalankeun ibadah haji, *Guguritan Mungghah Haji* henteu kungsi dimuat dina majalah saméméhna. Anapon, dina taun 70-an geus réa ngumumkeun guguritan dina majalah anu tepi ka ayeuna tacan dibukukeun. Ulikan perkara guguritan geus medal dina buku *Puisi Guguritan Sunda* (karya babarengan jeung Ami Raksanagara, dikaluarkeun ku Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemén Pendidikan dan Kebudayaan, Jakarta, 1980). Salian ti nulis karya sastra, nyieun ulikan perkara basa jeung sastra Sunda, diantarana nu dibukukeun *Novel Sunda Sebelum Perang* jeung nyusun buku pangajaran, upamana *Panyungsi Sastra* (Gunung Larang. 1978, jst., Rahmat Cijulaang, 1992).

Yus Rusyana lahir di Pameungpeuk Garut ping 24 Maret 1938. Anjeunna salasihiji sastrawan jeung panalungtik ti tatar Sunda. Salian ti éta, anjeunna ogé jadi Guru Besar di Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia UPI. Anjeunna kawilang sastrawan anu produktif. Réa pisan karya sastra nu dijieun ku anjeunna diantarana aya carpon, novel, sajak, jeung ésai anu ditulis dina wangun basa Indonesia jeung basa Sunda. Ku kamahéharanana dina nulis karya sastra alatan anjeunna baheula kungsi ngakolakeun majalah dinding di sakolana.

Saupama nilik kana kaayaan kiwari, geus teu ahéng deui héngkérna ngeunaan karya sastra buhun hususna pelajar umumna masarakat, sabab kurangna pangaweruh ti sabudeureunana boh kulawarga boh lingkungan séjénna. Ku kituna, ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngahudang kasadaran manusa pikeun mikawanoh kana karya sastra buhun, utamana pikeun peserta didik di sakola, sabab eusi dina *Guguritan Mungghah Haji* bisa dijadikeun cukang lantaran pikeun nambahan pangaweruh sangkan karya sastra buhun hususna guguritan tuluy dipikawanoh tur cocog dijadikeun salasihiji bahan pangajaran maca guguritan di SMP.

Pangajaran maca guguritan katitén dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD) di SMP kelas VIII Kurikulum 2013 Révisi 2017, dina Kompetensi Dasar 3.5 *Mengidentifikasi bentuk, struktur, kaidah, adan aspek kebahasaan guguritan pupuh Durma dan Mijil*, 4.4 *Mengekspresikan guguritan pupuh Durma dan Mijil dengan memperhatikan ekspresi dan teknik vokal*. Ku kituna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nalungtik ogé nganalisis Ajén Kaagamaan dina *Guguritan MunggaH Haji Karya Yus Rusyana* pikeun Bahan Pangajaran Maca Guguritan di Kelas VIII SMP (Ulikan Struktural).

Panalungtikan nu ngaguar ngeunaan guguritan jeung ajén kaagamaan saméméhna geus aya nu medar diantaranya: (1) "Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulikan Filologi)" ku Yedi Sudrajat taun 2016; (2) "Ajén Budaya jeung Agama dina Naskah "Kitab Mi'raj Kangjeng Nabi Muhammad SAW" (Ulikan Filologi)" ku Ani Tsaniah Fathurahmah taun 2018; (3) "Naskah Wawacan Babad Salira: Transliterasi, Purwakanti, Jeung Ajén Kaagamaan" ku Anisa Yunidawati taun 2018; (4) "Lima Carpon Sunda Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Carpon di SMA Kelas XI (Ulikan Struktural jeung Ekokritik)" ku Rahayu Nur Hikmah taun 2018; (5) "Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan Sajak Di Taman Larangan Karya Surachman RM" ku Derizda Sridaryanti taun 2021; (6) "Kumpulan Guguritan *Riring-Rirung Tjiwaking* karya Wahyu Wibisana (Ulikan Struktural jeung Estétika)" ku Eri Fatria taun 2021. (7) Sastra Islam Nusantara: Puisi Guguritan Sunda Dalam Tradisi Keilmuan Islam di Jawa Barat (*Jurnal*)" ku Jajang A. Rohmana taun 2016; (8) "Nilai Keislaman Dalam Puisi Guguritan (*Jurnal*)" ku Rima Sarah taun 2021; (9) "Guguritan Sunda dalam Tiga Gaya Penyair (*Jurnal*)" ku Dian Hendrayana taun 2018; (10) "Tembang dalam Tradisi Orang Sunda Kajian Naskag Guguritan Haji Hasan Mustapa (*Jurnal*)" ku Dede Burhanudin taun 2013.

Bédana jeung panalungtikan saméméhna nyaéta dina objék nu ditalungtik salasahijina aya wawacan, kitab, sajak, jeung carpon. Pedaranna leuwih nunjukkeun kana transliterasi, ulikan filologi, ékokritik, éstétika, jeung ajén budaya. Anapon sasaruana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta sarua medar

ngeunaan ajén kaagamaan jeung ulikan struktural sarta aya objék nu sarua ngeunaan guguritan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun ulikan strukturalisme. Nurutkeun Abrams (dina Isnendes, 2018, kc. 79) ulikan strukturalisme nyaéta wangun pamarekan nu objéktif sabab karya sastra mangrupa hiji hal nu sipatna mandeg mandiri. Ku ayana ieu panalungtikan dipiharep pamaca bisa mikawanoh kana karya sastra buhun hususna dina guguritan, ogé bisa nambahan pangaweruh sarta mangpaatna bisa dilarapkeun pikeun kahirupan ngaliwatan ajén inajén nu nyangkaruk dina ieu panalungtikan.

Luyu jeung hal di luhur, panalungtik miboga karep nalungtik ngeunaan ajén kaagamaan dumasar kana téori Anshari (2004, kc.44) nu dijerna ngawengku akidah, syariah, jeung akhlak. Anapon, ulikan strukturalisme ngawengku struktur lahir jeung batin. Struktur lahir nurutkeun Morris (dina Isnendes, spk, 2018, kc.94) ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, majas jeung puwakanti. Ari struktur batin nurutkeun Richard (dina Isnendes, spk, 2018, kc.94) ngawengku tema, rasa, nada, jeung amanat.

Dumasar kasang tukang diluhur, ieu panalungtikan nu judulna “Ajén Kaagamaan dina *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana pikeun Bahan Pangajaran Maca Guguritan di Kelas VIII SMP (Ulikan Struktural)” perlu dilaksanakeun sarta baris aya mangpaatna pikeun masarakat tur bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di sakola.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan anu geus di tétélakeun saméméhna, masalah dina ieu panalungtikan téh diwatesanan sangkan ieu panalungtikan bisa dilaksanakeun kalayan leuwih jero tur bisa ngahontal kana tujuan panalungtikan, nu dianalisis tur dipedar dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun dina wangun kalimah pananya saperti kieu.

- 1) Kumaha struktur guguritan (lahir jeung batin) nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana ?

- 2) Ajén kaagamaan naon waé nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana?
- 3) Kumaha larapna pikeun bahan pangajaran maca guguritan di SMP kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah diluhur, panalungtikan ieu téh miboga dua tujuan nu rék dihontal, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tina ieu panalungtikan miboga tujuan nyaéta pikeun nalungtik ogé ngadéskripsikeun ulikan struktural jeung ajén kaagamaan dina *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana. Salian ti éta, bisa dijadikeun bahan pangajaran maca di sakola tur bisa dijadikeun informasi ka masarakat.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, dina panalungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur (lahir jeung batin) nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana;
- 2) ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* karya Yus Rusyana; sarta
- 3) Larapna pikeun bahan pangajaran maca Guguritan di kelas VIII SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré mangpaat kayaning tina sababaraha aspék saperti mangpaat tina segi téoritis jeung mangpaat tina segi praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun leuwih mikawanoh jeung neuleuman kana karya sastra buhun nu aya di tatar Sunda, salian ti éta pikeun pangaweruh, informasi, sarta ngaaprésiasi kana hasil karya sastra ogé pikeun ngaguar ngeunaan struktur jeung ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina *Guguritan*

Mungghah Haji Karya Yus Rusyana tur larapna pikeun bahan pangajaran maca guguritan di kelas VIII SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan nyaéta saperti kieu:

- 1) pikeun panalungtik, bisa nambahan pangaweruh jeung leuwih wanoh hususna dina *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana, ogé bisa numuwuhkeun rasa cinta jeung kareueus kana hasil karya sastra buhun nu aya di tatar Sunda;
- 2) pikeun masyarakat, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ogé informasi ngeunaan ajén kaagamaan nu nyangkaruk dina *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana sarta bisa ngajadikeun masarakat pikeun ngaronjatkeun jeung miboga rasa kareueus katut ngajaga ogé ngariksa kana karya sastra Sunda hususna guguritan sangkan teu punah jeung dipikawanoh ku masarakat;
- 3) pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep leuwih ngamekarkeun dina bahan pangajaran ngeunaan struktur guguritan. Ngaliwatan ku cara ngalarapkeun ajén kaagamaan, ogé bisa nambahan pangaweruh pikeun bahan pangajaran maca guguritan;
- 4) pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep sangkan bisa mikawanoh kana karya sastra hususna guguritan jeung bisa maham kana struktur jeung ajén kaagamaan tur bisa dilarapkeun dina kahirupan, pikeun jadi panggeuing yén dina *Guguritan Mungghah Haji* Karya Yus Rusyana ngandung ajén inajén nu hadé; sarta
- 5) pikeun mahasiswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun pustaka atawa sumber pikeun panalungtikan satuluyna.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi sababaraha bab.

Bab I bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtilan jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan téori, eusina medar ngeunaan kajian pustaka, hal nu aya patalina ngeunaan ajén kaagamaan jeung strukturslisme dina *Guguritan MunggaH Haji* karya Yus Rusyana sarta larapna pikeun bahan pangajaran maca di kelas VIII SMP.

Bab III métode panalungtikan, ngawengku gambaran umum panalungtikan, sumber data panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung analisis data.

Bab IV ngawengku hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina medar ngeunaan hasil analisis struktural lahir jeung batin sarta ajén kaagamaan dina *Guguritan MunggaH Haji* karya Yus Rusyana tur larapna pikeun bahan pangajaran maca guguritan di kelas VIII SMP.

Bab V ngawengku kacindekan jeung saran, eusina medar ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi jeung rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna.